**CHIMBOY TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*231400, Chimboy tumani, Dustlik ko'chasi, r/u.*

**CHIMBOY INTER-DISTRICT ECONOMIC COURT**

*231400, Chimboy, Dustlik guzori street,*

Tel: (55) 102-40-54 (199)     e-mail: i.chimboy@sud.uz

**Өзбекстан Республикасы атынан**

**ШЕШИЎШИ ҚАРАРЫ**

**Шымбай районы        2023-жыл 3-июль 4-2304-2302/1210-санлы ис**

Шымбай районлар аралық экономикалық суды судьясы Н.Балтабаеваның басшылығында, судья жәрдемшиси Б.Ибрагимовтың хаткерлигинде, даўагер ўәкили XX (2023-жыл 03-июль №196-санлы исеним хат тийкарында) қатнасыўында, Өзбекстан XX Қарақалпақстан Республикасы басқармасы «XX» жуўапкершилиги шекленген жәмийети мәпин қорғап жуўапкер «XX» фермер хожалығынан 14.805.407 сум қарызын, 22.531.520 сум жәрийма өндириўди сораған даўа арзасын ҳәм қосымша ҳүжжетлерин суд имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы:**

Өзбекстан XX Қарақалпақстан Республикасы басқармасы «XX» жуўапкершилиги шекленген жәмийети (кейинги орынлар даўагер деп жүритиледи) мәпин қорғап жуўапкер «XX» фермер хожалығынан (кейинги орынларда жуўапкер деп жүритиледи) 14.805.407 сум қарызын, 22.531.520 сум жәрийма өндириўди сораған.

Өзбекстан XX Қарақалпақстан Республикасы басқармасы исти өз ўәкилиниң қатнасыўысыз көриўди сораған.

Даўагер суд мәжилисинде жуўапкер тәрепинен қарыздарлықлар бүгинги күнде төленбегенлигин билидирип, даўа арзаны қанаатландырыўды сорады.

Жуўапкер суд мәжлисине тийисли тәртипте хабарландырылып шақырылғанлығына қарамастан келмеди. Суд, Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 170-статьясы үшинши бөлимин қоллап, исти жуўапкердиң қатнасыўысыз қараўды мақул тапты.

**Суд даўагердиң билдирген ўәжлерин тыңлап, истеги ҳүжжетлерди үйренип шығып, даўа арзаны қысман қанаатландырыўды мақул тапты.**

Тәреплер орталарында 2022-жыл 12-март күни 66-санлы пахта шийки өнимин жетистирип бериў бойынша фьючерс шәртнамасы (кейинги орынларда шәртнама деп жүритиледи)дүзилген.

Шәртнаманың 1.1-бәндине тийкар, жуўапкер даўагерге пахта шийки өнимин жетистирип бериў ал даўагер болса жеткерилген өнимлери ушын өз ўақтында ҳақы төлеў миннетлемесин алған.

Шәртнама талаплары даўагер тәрепинен орынлаған. Бул иске қосылған есап-фактурасы менен тастыйқланады.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң (кейинги орынларда ПК деп жүритиледи) 236-статьясына тийкар, миннетлемелер миннетлеме шәртлерине ҳәм нызамшылық талапларына муўапық лазым дәрежеде орынланыўы керек.

ПКниң 333-статьясына тийкар, қарыздар айыбы болған жағдайда миннетлемени орынламаған яки лазым дәрежеде орынламаған ушын егер нызамшылықта яки шәртнамада басқаша тәртип белгиленбеген болса, жуўап береди.

ПКниң 437-статьясына көре, өним жеткизип бериў шәртнамасына муўапық, исбилерменлик искерлиги менен шуғылланып атырған өним жеткизип бериўши – сатыўшы шәртлескен мүддет яки мүддетлерде өзи ислеп шығаратуғын ямаса сатып алатуғын товарларды сатып алыўшыға исбилерменлик искерлигинде пайдаланыў ушын яки жеке, шаңарақлық мақсетлерде, хожалықта ҳәм соған уқсас басқа мақсетлерде пайдаланыў менен байланыслы болмаған басқа мақсетлерде пайдаланыў ушын тапсырыў, сатып алыўшы болса товарларды қабыллаў ҳәм олардың ҳақысын төлеў миннетлемесин алады.

ПКниң 449-статьясы биринши бөлиминде, сатып алыўшы жеткизип берилетуғын товарлар ҳақысын шәртнамада нәзерде тутылған есап-китаплар тәртиби ҳәм формасына әмел қылған жағдайда төлейди. Егер тәреплер келисиминде есап-китаплар тәртиби ҳәм формасы белгиленбеген болса, есап-китаплар төлем тапсырықнамасы менен әмелге асырылады.

Даўагер шәртнаманың 5 бәндине тийкар 22 531 520 сум жәрийма өндириўди сораған.

Өзбекстан Республикасы «Хожалық жүритиўши субъектлердиң шәртнамалық хуқықый базасы хаққында»ғы Нызамның 25-статьясына тийкар Хожалық жеткерип берилмеген яки жеткерип берилиўи кешиктирилген өним ушын белгиленген тәртипте, жеткерип берилмеген өним суммасының 30 пайызы муғдарында жәрийма төлеўи ҳәм төленген жәрийма тәреплердиң шәртнама миннетлемелерин орынламағанлығы ушын жуўапкершиликтен жеткерилген зыянды қаплаўдан ҳәм өнимлерди жеткерип бериў миннетлемелеринен азат етпейтуғынлығы көрсетилген.

ПКниң 333-статьясының биринши бөлимине муўапық, қарыздар айыбы болған жағдайда миннетлемени орынламаған яки лазым дәрежеде орынламағанлығы ушын, егер нызам хүжжетлеринде яки шәртнамада басқаша тәртип белгиленбеген болса, жуўап береди деп көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Жокарғы хожалық суды Пленумының 2007-жыл 15-июньдағы «Миннетлемелерди орынламағанлық яки лазым дәрежеде орынламағанлық ушын мүлкий жуўапкершилик хаққындағы пуқаралық нызам хүжжетлерин қоллаўдың айырым мәселелери хаққындағы 163-қарарының 4-бәндинде ПК-ниң 326-статьясына муўапық, суд қарыздар тәрепинен миннетлемелердиң орынланыў дәрежесин, миннетлемеде қатнасыўшы тәреплердиң мүлкий аўхалын, сондай-ақ,

кредиторлардың мәплерин итибарға алып неустойка муғдарын кемейтиўге хақылы екенлиги, соның менен бирге судлардың итибары неустойканың ең кем муғдары ПКниң 327-статьясында көрсетилген пайызлар муғдарынан кем болмаслығы кереклиги түсиндирилген.

Суд, жәрийманың толық көлемде қанаатландырылыўы жуўапкердиң мүлкий аўҳалына кери тәсир ететуғынлығын итибарға алып, жәрийманы 16 пайызға азайтыўды қалған бөлегин қанаатландырыўсыз қалдырыўды мақул тапты.

Солай етип, суд даўа арзаны қысман қанаатландырыўды, жуўапкерден даўагер пайдасына 14.805.407 сум тийкарғы қарызын, 3.605.043 сум жәрийма ҳәмде 33.000 сум почта қәрежетин өндириўди, даўаның қалған бөлегин қанаатландырыўсыз қалдырыўды, жуўапкерден Республика бюджетине 746 738.54 сум мәмлекетлик бажы пул өндириўди мақул тапты.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң 118, 176-179-статьяларын басшылыққа алып, суд

**ҚАРАР ЕТТИ :**

Даўа арза қысман қанаатландырылсын.

Жуўапкер «ХХ» фермер хожалығынан даўагер «ХХ» жуўапкершилиги шекленген жәмийети пайдасына 14.805.407 сум тийкарғы қарызын, 3.605.043 сум жәрийма ҳәмде 33.000 сум почта қәрежети өндирилсин.

Даўаның қалған бөлеги қанаатландырыўсыз қалдырылсын.

Жуўапкер «ХХ» фермер хожалығынан республика бюджетине 746 738.54 сум мәмлекетлик бажы өндирилсин.

Шешиўши қарар нызамлы күшине киргеннен соң орынлаў хат берилсин.

Шешиўши қарар қабыл етилген күннен бир айдан кейин нызамлы күшине киреди ҳәм карарға наразы тәреп усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза бериўи (прокурор протест келтириўи) мүмкин.

**Судья** **Н.Балтабаева**